



**Projet EDUKAYITI**  
*Renforcement des Services éducatifs dans le Sud-est d'Haïti et Amélioration de la Qualité de l'Enseignement pour le premier cycle fondamental*

**Objectif 3 :**  
**Élaboration et mise en œuvre d'un dispositif d'apprentissage de la lecture au premier cycle de l'École fondamentale haïtienne**

**Le développement de la littératie au cycle de l'École fondamentale haïtienne : nature, bilan et perspectives**

**Mardi 10 novembre 2020 (10h – 16h)**  
**Direction des Études post-graduées (UEH)**  
**3, rue Pacot, Port-au-Prince & sur Microsoft Teams : <https://bit.ly/2z00YI3>**

**Programme de la journée**

- 9h45 – 10h00 : Accueil des participants
- 10h-10h05 : Mots de bienvenue par un membre de l'équipe de la FLA
- 10h05-10h15 : Contexte de la journée par Renauld GOVAIN, Doyen de la FLA
- 10h15-10h20 : Mots de M. Pedro José Sanz SERRANO, Ambassadeur d'Espagne en Haïti
- 10h20-10h25 : Mots de Mme Sylvie TABESSE, Cheffe de la DUE en Haïti
- 10h25-10h30 : Mots de M. Pierre Josué Agénor CADET, Ministre de l'ENFP
- 10h30-10h35 : Mots de M. Fritz DESHOMMES, Recteur de l'Université d'État d'Haïti



## Les présentations

Heure	Titre de la présentation	Intervenant / Attache institutionnelle
10h35-11h10	Amélioration des compétences en lecture dans le 1 <sup>er</sup> cycle de l'École fondamentale	<b>Madame Nadine Henry</b> (Directrice de l'EF / MENFP)
11h10-11h50	Analyse de certains facteurs (tems, activités, méthodes et matériels) dans le développement de la littératie au premier cycle de l'école fondamentale en Haïti	<b>Dr Francklin Benjamin</b> (Prof. à l'UEH & à UniQ, Chercheur et Analyste en Éducation à InnovEd-UniQ)
11h50-12h30	Alfabetizasyon pou ti moun nan zòn rural ann Ayiti	<b>Matilde Moreno</b> (Responsab pedagojik nan « Foi & Joie Haïti »)
12h30-13h10	Lekti san konprann ap fè nou bannann	<b>Pwofesè Michel DeGraff</b> (Pwofesè, MIT Linguistics & Philosophy. Manm fondatè Akademi Kreyòl Ayisyen. Direktè Inisyativ MIT-Ayiti)
13h10-13h50	Ki moun ki rayi manman l ? Aprantisaj lekti : aprantisaj lavi – pou jaden n ka fleri	<b>Christine W. Low</b> (Lekòl kominotè Matènwa (Lagonav))
<b>Pause-déjeuner</b>		
14h45-15h25	Creating evidence-based programs for teaching reading and writing: Collaboration between academia, international cooperation agencies, and ministries	<b>Dr Laura V. Sánchez-Vincitore</b> (Directora, Laboratorio de Neurocognición y Psicofisiología. Decanato de Investigación. Universidad Iberoamericana (UNIBE))
15h25-15h35	Clôture de la journée	<b>Guerlande Bien-Aimé</b> (Edukayiti)

## Devlopman literasi nan premye sik Lekòl fondamantal ayisyen an : nati, bilan e pèspektiv

Madi 10 novanm 2020 (10 è – 16 è)

"Direction des Études post graduées (UEH)"

3, ri Pacot, Pòtoprens & sou 'Microsoft Teams' : <https://bit.ly/2z00YI3>

Nosyon *literasi* a deziyen kapasite yon moun devlope pou konprann, trete enfòmasyon ekri ki pou pèmèt li byen fonksyone nan yon kominote. Dapre 'UNESCO' (2006), *literasi* a se « kapasite yon moun genyen pou idantifye, konprann, entèprete, kreye, kominike epi itilize materyèl enprime oswa ekri, nan divès kalite kontèks. Literasi a mande pou gen kontinite nan aprantisaj la pou pèmèt moun nan rive atenn objektif li, devlope konesans li ak tout kapasite ki ap dòmi lakay li epi patisipe nan lavi kominote a ak sosyete a ». Konsèp *literasi* a vle ranplase *alfabetizasyon* oswa espresyon « lekti-ekriti ». Li mete aksan sou kapasite yon moun genyen pou konprann enfòmasyon grafik : divès kalte fòm ekri, chema, kat, òganigram, paj entènèt,

elt. sa ki pèmèt li byen evolye nan sosyete a, kote li devlope bon relasyon avèk lòt manm sosyete a. Nan ka ki konsène nou la a, *literasi* a deziyen kapasite yon moun devlope pou li, ekri, kalkile pandan li ap itilize de (2) prensipal kòd lengwistik yo ki se lapawòl ak ekriti. Li deziyen pòt antre yon aprenan nan mond ekriti ak lekti, soti nan esperyans lekòl pou rive nan lavi pèsònèl, famiyal, pwofesyonèl, sosyal ak kominotè. Li fasilite tretman enfòmasyon ki karakterize lavi sosyo-pwofesyonèl ak jesyon relasyon moun ak moun pandan n ap konsidere divès kalte diferans ki karakterize lavi sosyete a.

Nan ka yon kominote bi-plirileng kote lokitè yo pa metrize lang yo nan menm nivo, nou pa kapab elabore yon pwosesis *literasi* fòmèl san nou pa panse ak lang ansèyman/aprantisaj la. Gen yon reyalyte pèsonn pa kapab inyore : tout aprantisaj soti nan sa aprenan yo konnen pou rive nan sa yo pa konnen an pasan pa sa yo konnen mwens. Kon sa, lang tout aprenan yo oswa yon majorite nan yo metrize a se li ki ta dwe sèvi pou jwe wòl sa a. Nan sans sa a, kreyòl ayisyen an se lang ki pi rantab nan kad devlopman yon pwosesis *literasi* nan nivo premye sik Lekòl fondamantal an Ayiti. Paske, jan konstitisyon 1987 la (ki amande an 2011) presize li, « kreyòl la se lang ki simante tout Ayisyen ».

Depi endepandans peyi a ki pwoklame 1<sup>e</sup> janvyè 1804 rive nan finisman ane 1970 yo, lekòl ann Ayiti te toujou fonksyone an franse sèlman san panse kreyòl la te egziste, kreyòl la ki se premye lang 100% aprenan ayisyen yo (Govain, 2014). Refòm edikatif 1979 la, yo rele "refòm Bernard" (dapre non minis edikasyon nasyonal epòk la) fè kreyòl la tounen lang yo anseye ak lang ansèyman nan premye ane aprantisaj yo, yon fason pou fasilite akizisyon konpetans fondamantal yo tankou lekti, ekriti ak kalkil. Yo entwodui franse oral nan 2<sup>èm</sup> ane epi lekti ak ekriti an franse a pati 4<sup>èm</sup> ane. Refòm nan prevwa yon tranzisyon definitif nan franse lang ansèyman nan finisman dezyèm sik Lekòl fondamantal la. Men, obsèvasyon pratik yo montre se franse yo plis itilize nan nivo sa a. Kon sa, yo kontrenn elèv yo eskolarize nan yon lang yo pa konnen – lang franse a – alòske yo tout metrize kreyòl ayisyen an ki se premye lang yo. Lè lekòl la fè sa, li monte yon baryè lengwistik (DeGraff, 2014, 2020 ; Dejean, 2001, 2013) devan elèv yo, sa ki anpeche yo devlope aktivite kominikatif nan klas la epi mennen yo nan echèk, dekwochaj, abandon. Ra sa ki gen chans rive reyisi nan sistèm nan te kondane tèt yo nan aprann pa kè kote yo memorize leson yo ak tout lòt fòm konesans yo anseye nan lekòl la, san yo pa toujou konprann sa yo ap resite devan anseyan yo tankou jako-repèt. Sa vle di dispozitif *literasi* ministè edikasyon nasyonal mete an plas la pa mennen nou nan rezilta yo t ap tann yo.

Nou konstate gen kèk jefò ki fèt nan dènye ane sa yo, men nivo achèyman etid yo rete fèb anpil. An 2016, yo administre yon tès lekti ("EGRA") nan 814 lekòl ki twouve yo nan 10 depatman peyi a nan kad pwogram *Edikasyon pou tout moun* nan. Rezilta yo revele elèv yo kapab li anviwon 15,74 mo nan yon minit an kreyòl e 14,91 mo an franse. Nivo konpreyansyon an fèb tou : 18% an kreyòl e 14,6% an franse. Epi, selon dènye resansman yo fè nan lekòl pou ane akademik 2015-2016 la, anviwon 58 % elèv 1<sup>e</sup> ane rive nan 6<sup>èm</sup> ane. Absans metriz lang ansèyman an ki se prensipalman franse gen responsablite li nan echèk nou obsève lakay elèv yo. Dapre yon etid Direksyon Ansèyman fondamantal (DAF) nan Ministè Edikasyon nasyonal ak Fòmasyon pwofesyonèl (MENFP) nan ane akademik 2008-2009<sup>1</sup> la, 76% elèv 1<sup>e</sup> ane, 49% an 2<sup>èm</sup> ane e 29% an 3<sup>èm</sup> ane pa te rive li okenn mo nan tès kreyòl yo te pwopoze yo a. Pou franse a, 63% an 1<sup>e</sup> ane, 48% an 2<sup>èm</sup> ane e 23% an 3<sup>e</sup> ane pa rive li okenn mo. Rezilta mèt sa a fè DAF la elabore yon pwòje sou senk an (2012-2017) nan lide pou amelyore sityasyon an. Li te rele pwòje sa a « Amelyore konpetans nan lekti nan premye sik Lekòl fondamantal ». Ki rezilta aksyon gouvènans sa a bay ? Seminè sa a va kapab okazyon pou nou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

---

<sup>1</sup> Informations tirées dans un document de Care Haïti « Haïti Gagne : lire, écrire et réussir ». Disponible sur <https://care.org.ht/2.0/nos-programmes/nos-secteurs-d'intervention/education/haiti-gagne-lire-ecrire-et-reussir>. Consulté le 25 septembre 2020.

Devan konsta sa a, kote aksyon edikatif la pa rantab nan kesyon *literasi* a, yo rive devlope epi esperimante plizyè pwogram lekti nan preskolè gras ak finansman donatè etranje. Nou kapab site 1. pwogram *Map li nèt ale*, 'USAID' devlope epi li finanse ansanm ak Bank mondyal nan 150 lekòl a travè peyi a ; 2. esperyans prive yon ekip mennen nan *Lekòl kominotè Matènwa* nan zile Lagonav, gras ak soutyen teknik e finansye 'Inisyativ MIT'. M. DeGraff (2014) endike elèv 3<sup>em</sup> ane nan *Lekòl kominotè Matènwa* rive li anviwon 60 mo nan yon minit an kreyòl tandiske yon etid yo mennen nan kad yon pwojè Bank mondyal<sup>2</sup> an 2010 te montre elèv nan menm nivo sa a nan lekòl sistèm jeneral la rive li anviwon 23 mo (an kreyòl oswa an franse).

Ki lang nou dwe itilize epi ki apwòch metodolojik nou dwe privilejye nan elaborasyon metòd *literasi* sa a pou premye sik Lekòl fondamantal la ? Kòman nou dwe sitiye demach pa nou an pa rapò ak sa yo fè deja nan sans sa a ann Ayiti, oubyen nan lòt kominote kote reyalite (sosyo)lengwistik yo gen pou wè ak sa yo deja esparimante ann Ayiti yo ?

Jan nou evoke li deja, kreyòl ayisyen an se lang ki dwe pi rantab pou devlope yon pwogram literasi an Ayiti, paske se li tout elèv yo metrize. Nou pa pral mete kreyòl an fas franse. Lang yo pa janm batay antre yo. O kontrè, sa va ede nou bay chak lang yo plas yo merite dapre reyalite kominotè ak demografik pratik yo chak epi dapre jan elèv yo metrize yo chak. Metodoloji nou anvizaje a baze sou sa Helen Abadzi (2006, 2013) devlope ki privilejye yon apwòch fonetik ki chita sou leksik lang nan pou alfabetize moun nan peyi ki sou wout pou yo devlope yo.

Objektif semine a se prensipalman retounen sou dispozitif *literasi* yo elabore epi esperimante ann Ayiti oswa nan lòt kontèks ki sanble ak Ayiti pandan n ap pataje esperyans nou sou kesyon an. Sou direksyon ekip teknik FLA a ki ap aji nan kad objektif 3 pwojè *Edukayiti* a, semine a ap reyini chèchè nan FLA, nan Universidad Iberoamericana an Repiblik dominikèn, chèchè ki ap travay sou esperyans *Lekòl kominotè Matènwa* (nan zile Lagonav), teknisyen nan DAF nan MENFP, nan 'Fwa & Jwa' (patnè pwojè), elt.

## Referans nou site yo

- Abadzi, Helen (2013), *L'alphabétisation pour tous en 100 jours ? Une stratégie basée sur la recherche pour obtenir des progrès rapides dans les pays à faible revenu*. Partenariat mondial pour l'éducation.
- Abadzi, Helen (2006), *Efficient learning for the poor: Insights from the frontier of cognitive neuroscience*. World Bank Publications.
- DeGraff, Michel (2014), « Men anpil, chay pa lou : an nou sèvi ak lang kreyòl la pou bon jan edikasyon ak rechèch ann Ayiti ». Dans A. Carpooran (dir.), *Langues créoles, mondialisation et éducation. Actes du XIIIe colloque du CIEC*. Maurice, CSU - ELP, 455-492.
- DeGraff, Michel (2020), The politics of education in post-colonies: Kreyòl in Haiti as a case study of language as technology for power and liberation. *Journal of Postcolonial Linguistics* 3, 89–125.
- Dejean, Yves (2001), *Créole, école, rationalité*, disponible sur <http://www.tanbou.com/2002/fall/CreoleEcoleRationalite.htm>, consulté le 29 juillet 2009.
- Dejean, Yves (2013), *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Port-au-Prince, Éditions de l'Université d'État d'Haïti [(2006, Henri Deschamps)].
- Govain, Renauld (2014), « L'état des lieux du créole dans les établissements scolaires en Haïti », *Contextes et Didactiques, Grammaires créoles (Revue du CRREF)*, 10-25. Disponible sur <https://www.contextesetdidactiques.com/724>
- UNESCO (2006) *Alphabétisation et alphabétisme, quelques définitions*. Disponible sur <https://www.pars-edu.it/publicazioni/alphabétisation-et-alphabétisme-quelques-définitions>. Consulté le 25 septembre 2020.

---

<sup>2</sup>Souhila Messaoud Galusi/Emily Niksic (2010), Haiti : Early Grade Reading Assessment (EGRA) : Rapport pour le Ministère de l'Éducation nationale et la Banque Mondiale (Research Triangle Park, RTI International)